

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Sumber Data

Sumber data dina panalungtikan nya éta ti mana asalna subjék data ditalungtik (Arikunto, 2006:129).

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh hasil karangan surat pribadi siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung Taun ajaran 2012/2013.


Tabél 3.1
Sumber Data Panalungtikan

No.	Kelas	Siswa		Jumlah
		Awéwé	Lalaki	
1.	VIII A	16	20	36
2.	VIII B	14	25	39
3.	VIII C	17	23	40
4.	VIII D	15	15	30
	Jumlah	62	83	145

3.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nya éta anu dirancang pikeun ngajawab atawa ngajelaskeun masalah-masalah panalungtikan. Ieu desain panalungtikan téh disusun dumasar kana léngkah-léngkah: (1) nangtukeun masalah, (2) studi pendahuluan, (3) ngawatesanan jeung ngarumuskeun masalah, (4) ngarumuskeun anggapan dasar, (5) nangtukeun sumber data, (6) nangtukeun jeung nyusun instrumen, (7) ngumpulkeun data, (8) analisis data, (9) nyieun kacindekan, jeung (10) nyusun laporan, Arikunto (2006:22-23).

Desain panalungtikan anu dilakukeun ku panalungtik didadasaran ku léngkah-léngkah panalungtikan anu geus ditétélakeun ku Arikunto di luhur Desain panalungtikan dibagankeun saperti ieu di handap.



Bagan 3.1
Desain Panalungtikan

3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode anu baris digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif. Méthode déskriptif dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun kasalahan-kasalahan morfologis anu ngawengku kasalahan ngagunakeun kecap rundayan, kasalahan ngagunakeun kecap rajékan, jeung kasalahan ngagunakeun kecap kantétan dina surat pribadi siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung Taun Ajaran 2012/2013.

Léngkah-léngkah méthode panalungtikan:

- 1) ngumpulkeun data, anu mangrupa hasil karangan surat pribadi siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung,
- 2) nganalisis hasil karangan siswa anu mangrupa surat pribadi, jeung
- 3) ngadadarkeun hasil analisis.

3.4 Wangenan Operasional

Dina ieu panalungtikan dibutuhkeun katerangan-katerangan pikeun nyingkahan ayana multitafsir, ieu katerangan téh patali jeung judul panalungtikan.

- 1) Kasalahan morfologis nya éta kasalahan ngagunakeun kaédah atawa norma prosés morfologis nu ngawengku ngararangkénan (afiksasi), ngarajék (réduplikasi), ngantétkeun (komposisi). Luyu jeung pamadegan Tarigan & Tarigan (2011:180) anu nétélakeun yén kasalahan morfologis téh mangrupa kasalahan ngagunakeun basa anu dilantarankeun ku salah nangtukeun rarangkén, salah nangtukeun kecap rajékan, salah nyusun kecap kantétan, jeung salah milih wangun kecap.
- 2) Surat pribadi nya éta surat anu ditulis ku hiji jalma pikeun ngébréhkeun pikiran, rasa, sarta kahayangna anu sipatna pribadi ka jalma lian. Ciri-ciri surat pribadi di antarana nya éta teu ngagunakeun kop surat, teu ngagunakeun nomer surat, salam bubuka jeung panutupna rupa-rupa, sarta basa nu digunakeun bébas kumaha nu nulisna, tapi disaluyukeun jeung jalma anu ditujuna.

Dumasar wangenan-wangenan di luhur, bisa dicindekeun yén anu dimaksud Kasalahan Morfologis dina Surat Pribadi Siswa Kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung Taun Ajaran 2012/2013 téh nya éta panalungtikan anu tujuanna pikeun ngadéskripsikeun kasalahan-kasalahan morfologis anu aya dina kecap-kecap anu digunakeun dina surat pribadi siswa salaku siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung Taun Ajaran 2012/2013.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumen panalungtikan nya éta alat anu ngarojong kana panalungtikan. Instrumen anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta instrumen tés. Éta instrumen tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data kasalahan morfologis dina surat pribadi siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung Taun Ajaran 2012/2013.

Pancén atawa tés anu ditugaskeun ka siswa contona bisa dititénan ieu di handap:

Pancén!

Jieun hiji surat pribadi kalawan téma bébas keur ka:

- 1) Kolot
- 2) Babaturan

Dina bagian ngolah data, panalungtik nganalisis data anu geus dikumpulkeun. Tuluy nyirian kecap rundayan, kecap rajékan, jeung kecap kantétan anu salah anu kapanggih dina surat pribadi siswa. Anapon instrumén pikeun ngolah data bisa ogé ditalungtik ngaliwatan kartu data anu bisa dititénan dina kartu data ieu di handap.

Kartu Data

KARTU DATA	
Kode Siswa:	
Kalimah	:.....

Kecap nu teu luyu jeung prosés léksémikna:	

Kuduna:

Warna Kasalahan:

Data kasalahan morfologis nu kapanggih dina kalimah dibéré kode. Éta kode téh eusina nya éta (1) nomer karangan siswa, jeung (2) baris tempat kasalahan, contona:

(SP.1/2) ...kuring sararéa tumpak angkot...

Hartina, éta kasalahan téh kapanggih dina karangan nomer 1 baris ka 2.

3.6 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.6.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik tés jeung téhnik dokuméntasi. Téhnik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data hasil karangan siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung Taun Ajaran 2012/2013. Téhnik dokuméntasi digunakeun pikeun nganalisis kasalahan morfologis dina surat pribadi siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung Taun Ajaran 2012/2013.

3.6.2 Téhnik Ngolah Data

Data anu geus dikumpulkeun diolah dumasar sababaraha léngkah ieu di handap.

- a. Maca hasil karangan siswa sarta nyirian kecap rundayan, rajékan, kantétan, jeung wangun morfofonémis anu salah,
- b. Ngasupkeun kecap-kecap rundayan, rajékan, kantétan, jeung wangun morfofonémis anu salah kana kartu data.
- c. Ngawilah-wilah kartu data dumasar kana kasalahan morfologisna, anu ngawengku kasalahan ngagunakeun wangun kecap rundayan, kasalahan ngagunakeun wangun kecap rajékan, kasalahan ngagunakeun wangun kecap kantétan, jeung kasalahan morfofonémis,
- d. Ngasupkeun data tina kartu data anu geus diwilah-wilah kana tabél.
- e. Nyieun kacindekan tina data anu geus diwilah-wilah dina wangun perséntase.

